



Fwod ak Magouy nan Asirans

FÈ ATANSYON POU OU PA VIKTIM!

Fè atansyon epi pwoteje tèt ou kont konbinezon nan fwod ak magouy sa yo nan asirans.

Magouyè rize chache vin pi maton epi yo travay chak jou pou woule konsomatè asirans ki byen entansyone ki vle pwoteje byen yo. Fwod ak magouy nan asirans touche tout konsomatè, menmsi se pa yo ki sib la dirèkteman. Kowalizyon Kont Fwod nan Asirans (Coalition Against Insurance Fraud) estime chak ane yo peye omwen \$80 milya pou reklamasyon ki chita sou fwod. Finalman, kilès ki peye pou fwod nan asirans? Nou tout!

Akoz fwod nan asirans:

- ▶ Konpayi asirans kapab ogmante prim pou ekilibre pèt la
- ▶ Pri byen ak sèvis yo kapab ogmante
- ▶ Byen ki asire yo kapab sibi domaj initil oswa yo kapab repare yo mal

Magouy ki rive jeneralman nan Domèn Asirans



Anilasyon Kontra

Yon (1) moun oswa plizyè moun kontakte ou epi li/yo pretann li/yo se yon ajan asirans oswa yon reprezantan konpayi asirans lan epi li/yo menase pou anile pwoteksyon ou an si ou pa ba li/yo enfòmasyon pèsònèl espesifik oswa si ou pa pran mezi espesifik.

Yon Ajan fè Fo Deklarasyon Asirans

Fo deklarasyon pran plizyè fòm, men sa ki rive pi souvan se fè konsomatè a kwè li ap jwenn plis pwoteksyon oswa peryòd pwoteksyon an pi long. Sa rive souvan nan ka plan asirans sante akoutèm oswa plan asirans sante ki ofri avantaj limite. Fo deklarasyon konn se lè yo prezante pwodui ki pa asirans kòm asirans tou, tankou plan medikal a ba pri.

Ajan ki Pa gen Lisans

Yon ajan Depatman Sèvis Finans nan Florida a pa bay lisans oswa otorizasyon pou vann asirans pou yon konpayi asirans espesifik. Si ou achte yon kontra nan men yon ajan ki pa gen lisans oswa otorizasyon, kontra a pa valid epi ou p ap jwenn pwoteksyon.

Magouy nan Asirans Machin



Reparasyon

Fè reparasyon initil oswa fè tankou y ap repara yon veyikil pou depoze yon demann dedomajman ki gen fwod oswa ki nan yon montan depase oswa pou jwenn aksè nan enfòmasyon pèsònèl ou. Tip magouy sa a rive pou kay ak lòt pwopriyete tou.



Montaj Aksidan Machin

Yon (1) moun oswa plizyè moun pwovoke oswa òganize yon aksidan machin eksprè pou li/yo kapab depoze yon demann dedomajman ki gen fwod oswa nan yon montan depase pou reparasyon, chòk, elatriye.

Magouy konsènan Asiran Swen Sante



Fwod sou Frè Medikal

Yon pwofesyonèl medikal ba ou bil pou sèvis li pa t bay oswa li takse ou yon pri depase pou sèvis yon fason pou li kapab depoze yon demann dedomajman ki gen fwod epi resevwa pèman.



Vòl Idantite Medikal

Yon moun itilize idantite ou ak asirans ou an pou li jwenn sèvis medikal oswa preskripsyon.

Pwopriyete ak Risk Magouy nan Asirans



Antreprenè ki Pa Gen Lisans

Yon moun prezante tèt li kòm yon antreprenè pwofesyonèl ki gen lisans lè, an reyalyite, Depatman Biznis ak Règlemantasyon Pwofesyonèl (Department of Business and Professional Regulation) pa t ba li lisans. "Pwofesyonèl" ki pa gen lisans lan kapab fè fo deklarasyon tou konsènan pwoteksyon asirans pou aksidan nan travay ak/oswa responsabilite sivil li pou bay enpresyon li asire kòm sadwa. Travay soutretans san lisans ilegal epi li danjre pou ou, kòm konsomatè. Lè ou sèvi ak yon antreprenè ki pa gen lisans ou riske resevwa reparasyon ki pa satisfè ou epi ki mal fèt, sa ki ka lakoz lòt pwoblèm alavni oswa ki ka menm fè oumenm oswa yon moun ki vizite pwopriyete ou blese grav.



Òf pou ou Vann oswa Ogmante Pwoteksyon Asirans Ou an Pandan yon Katastwòf

Yon (1) moun oswa plizyè moun pretann li/yo reprezante yon konpayi asirans epi li/yo ofri ou vann oswa ogmante pwoteksyon ou an tousuit avan oswa pandan yon katastwòf. Lè Sèvis Meteyolojik Nasyonal la mete ou angad oswa ba ou avètisman konsènan yon siklòn oswa tanpèt twopikal pou yon pati kèlkonk nan Florida, plizyè konpayi asirans pa kontinye egzije yon nouvo pwoteksyon asirans oswa plis pwoteksyon pou pwopriyete kay ak lokatè. Lè sa rive, ou pa kapab achte pwoteksyon asirans avan 72 èdtan aprè dènye mizangad la oswa avètisman an leve.



Konpayi ak Ajan Asirans ki gen Lisans

Asire ou yo otorize konpayi oswa ajan asirans ou an egzèsè aktivite li a nan Florida lè ou fè rechèch sou konpayi a sou sitwèb Reglemantasyon Ofis Asirans lan - www.FLOIR.com/CompanySearch - oswa lè ou fè rechèch sou sitwèb Depatman Sèvis finans lan - <https://LicenseeSearch.FLDFS.com>.

Fè Afè ak Pwofesyonèl ki gen Lisans

Achte epi modifiye asirans ou an nan men oswa gras a yon ajan asirans ki gen lisans oswa dirèkteman nan konpayi asirans ou an. Si ou panse yo te anile pwoteksyon ou an oswa yo pral fè sa, kontakte ajan oswa konpayi asirans ou an tousuit. Fè verifikasyon idantite avan ou fè pèman oswa ou bay enfòmasyon pèsònèl.

Verifye Enstriksyon Kontra a konsènan Reparasyon

Fè verifikasyon ak konpayi asirans ou an avan ou repare veyikil ou, kay ou, elatriye, pou ou asire ou respekte enstriksyon kontra a ak obligasyon moun ki gen asirans lan.

Itilize Sèvis Konpayi Asirans ki Lejim

Verifye si konpayi/pwofesyonèl ki fè reparasyon yo lejitim, epi si yo gen pwoteksyon asirans responsabilite sivil ak pwoteksyon dedomajman pou aksidan travay ki apwopriye.



Egzamine Eksplikasyon konsènan Avantaj (Explanation of Benefits, EOB) Ou yo ak Anpil Atansyon

Après ou fin resevwa sèvis medikal, konpayi asirans ou an kapab ba ou yon Eksplikasyon konsènan Avantaj, ki se yon apèsi tout sèvis oswa preskripsyon ou te resevwa, frè asirans lan peye nan non ou ak obligasyon finansye pa ou. Li enfòm ou konpayi a te travay sou demann ranbousman ou yo tou. Egzamine EOB ou a pou ou sèten yo pa mansyone okenn sèvis medikal oswa preskripsyon san otorizasyon oswa yo pa bay konpayi asirans ou an bil pou yo. Si yo mansyone aksyon ki fèt san otorizasyon, kontakte konpayi asirans ou an tousuit.

Pa Fye Apèl Ou pa t Chache Resevwa

Konpayi pa dwe rele ou san ou pa t chache sa pou mande enfòmasyon pèsònèl oswa pou mande ou verifye detay konsènan pwoteksyon asirans ou an.

Pa Fè Idantifikasyon Moun ki Rele ou a Konfyans

Kwak non an ak nimewo a kapab sanble non ak nimewo yon konpayi asirans, se kapab yon magouyè ki ap eseye jwenn enfòmasyon sou asirans pèsònèl ou.

Pwoteje Enfòmasyon sou Asirans Ou yo

Pa pèmèt penonn itilize kat asirans ou pou sèvis oswa pou fè reklamasyon nan fwod.

Voye Je sou Rapò Kredi Ou

Verifye rapò kredi ou pou ou asire pèsòn pa louvri nouvo liy kredi nan non ou pou resevwa swen medikal, sa vle di kat kredi ki ofri pwoteksyon espesyalman pou pwosedi medikal oswa dantè. Ale gade nan www.AnnualCreditReport.com pou ou konsilte rapò kredi ou a gratis.



Egzamine tout dokiman oswa kontra yo epi asire ou konprann yo avan ou siyen.



Kontinye Pran Enfòmasyon sou Fwod ak Magouy

Enskri pou ou resevwa Mizangad Defansè Konsomatè Asirans ou an pou Konsomatè yon fason pou ou gen enfòmasyon sou nouvo magouy ak divès kalte fwod. Enskri nan:

www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA/ConsumerAlerts

Resous sou Fwod ak Magouy nan Asirans

Depatman Sèvis Finans nan Florida | Biwo Defansè Konsomatè Asirans lan

850.413.5923 | www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA

Depatman Sèvis Finans nan Florida | Divizyon Sèvis pou Konsomatè

Liy Asistans Telefonik gratis pou Konsomatè Asirans | 1.877.693.5236

www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers

Depatman Sèvis Finans nan Florida | Divizyon Sèvis Ajan ak Ajans Asirans

Verifye Lisans Ajan an | 850.413.3137 | www.MyFloridaCFO.com/Division/Agents

Depatman Sèvis Finans nan Florida | Divizyon Sèvis Ankèt ak Medikolegal

Rapòte Fwod konsènan Asirans | 850.413.3136 | www.MyFloridaCFO.com/Division/DIFS

Depatman Sèvis Finans nan Florida | Divizyon Konpansasyon Travayè

Verifye Pwoteksyon Konpansasyon Travayè a | 850.413.1609 | www.MyFloridaCFO.com/Division/WC

Depatman Biznis ak Reglemantasyon Pwofesyonèl nan Florida

Verifye Lisans Antreprenè a | 850.487.1395 | www.MyFloridaLicense.com

Biwo Règlemantasyon Asirans Florida

Fè Rechèch sou Konpayi a | www.FLOIR.com/CompanySearch

Konpayi Asirans Vi ak Sante 850.413.2512 | Konpayi Asirans ak Risk 850.413.2575



@YourFLVoice

• YourFLVoice@MyFloridaCFO.com

• www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA